Makungu maodza moyo

Zita rangu ndinonzi Muchaneta ndinobva kuZimbabwe ndaka uya muno kuzotsvaga basa,asi ndakaona zvakandiomera mukati mekurarama ndakati varume zviri nani kuti ndihure zvangu. Zvakaoma kutsvaga basa munyika isiri yako usina mapepa akakwana uyezve hapana chinouya ugere.Ndava nemakore maviri ndichishanda basa iri ndichigara pane imwe hotera iriri muno muJoni.

Ndichishanda kudaro ndakasangana nemumwe murume muhotera mandinogara nekuti pasi pacho pane bhawa.Murume uyu akataura neni kuti anodakuenda neni kumba kwake tikabvumirana saka akasiya mari yangu pandinogara.Takaenda zvedu kwaanogara iye haana kundiunza kuti vanogara vakawanda, ini ndakazvionera pamhuno sefodya varume ava vaiva vatanhatu vese vakarara neni vasina condom.Ndakachema zvikashaya basa nekuti ndaive ndisina kwekuzvireva nekuti kuenda kumapurisa ndaitya kudzorerwa kumusha nekuti handina zvakakwana.uyezve dzimwe dzenguva kuenda kumapurisa nebasa redu iri havatiteerere nekuti vanoti mazvokuda mavanga enyora ndizvo zvaunoda.

Saka rechimangwana acho mdakaenda kuchipatara ndikaongororwa nana chiremba ndikaonekwa kuti handina hutachiona hweshuramatongo muropa rangu.Tinosangana nezvakawanda mukushanda umu nekuti varume vacho vakabvunza kuti unobva kupi ukataura kwaunobva vanobva vakubata kunge nhapwa, saka zvinotoda kusunga dzisimbe nekuti ukangangodaro unofa nenzara.

Tinokumbirawo kurarama kwakanaka munyika isiri yako, uyezve vationewo sevanhu vakafanana navo hatisi mhuka tiri vanhu vakaita savo takaenda kuchikoro tikabudirira mubvunzo dzedu asi kushaikwa kwamabasa ndiko kwaita kuti upindane nazvo.Saka tinokumbirawo kuti Hurumende ingoisawo mutemo wekuti mapurisa haafanire kuti bata senhapwa vave vanotibatsira panguva yematambudziko.Uyezve vave vanopa mahure nzvimbo dzekushanira nekuisa mutemo unodzivirira mahure.

Create PDF with GO2PDF for free, if you wish to remove this line, click here to buy Virtual PDF Printer